

TESTE POU KONT OU LAKAY OU

pou ou itilize tès COVID-19 iHealth lan pou kont ou

1

Etap 1: Prepare materyèl ou


Tès ou ap gen ladan li :



- Yon Kat tès COVID-19



- Yon tib ki genyen likid tès la




- Yon tanpon

Lè ou pare pou kòmanse ak tès la, ouvri ti posh papye aliminyum kat tès COVID-19 nan.

2

Etap 2: Kolekte echantiyon ou



Retire tanpon an nan pake a.
PA MANYEN TET TANPON AN AK DWET OU.
Kenbe posh tanpon an pou itilize apre.




Toudousman mete tout pwent tanpon an (jeneralman 1/2 oswa 1/4 pous) nan twou nen ou.

Ak timoun, pi lwen ou kapab mete tanpon an nan twou nen yo kapab pi piti pase 3/4 pous, epi ou kapab bezwen yon dezyèm moun pou kenbe tèt timoun nan pandan wap fè prelevman an.

Bwose tanpon an andedan twou nen an nan yon sèk omwen 5 fwa.

Fè li fèm epi Dousman - pwan owmen 15 segonn pou kolekte echantiyon an epi asire w ou kolekte tout likid ki nan nen an.

Itilize MENM TANPON an, repete pwosesis la pou lòt twou nen an.



Ou kapab jwenn yon rezilta tès ki pa kòrèk si ou pa kolekte yon bon kantite echantiyon ak tanpon ou.

3

Etap 3: Trete echantiyon ou



Frape tib la tou dousman, tou dwat sou yon tab epi vire gwo bouchon oranj lan pou ouvri.



Vire pwent tanpon an nan fon tib la omwen 15 fwa.



Peze sou kote tib la pou ou kapab pran yon bon kantite echantiyon sou tanpon an.

Ou kapab pa genyen ase echantiyon materyèl pou fè tès la byen si ou pa peze tanpon an.




Retire tanpon an epi remete gwo bouchon oranj lan nan tib la.

Remete tanpon an nan pake a pou ou ka jete li.

4

Etap 4: Ajoute Echantiyon an



Kounye a echantiyon an nan tib la.

Pou w teste echantiyon an, vise ti bouchon blan tib la.

Ajoute 3 gout echantiyon nan Pòt Echantiyon Kat Tès COVID-19.

Revise ti bouchon blan an.



Tann 15 minit pou rezilta ou pare.